


KONSANTMAN POU DEPOZE AKIZASYON KRIMINÈL APRE VÈDIK KONDANASYON OSWA APRE VÈDIK Mass. R. Crim. P. 28(e)		Tribinal Premye Enstans Massachusetts Depatman Tribinal Jivenil		
NON JIVENIL/AKIZE A		DIVIZYON		
NIMEWO DOSYE (yo)		AKIZASYON POU DEPOZE (YO)		
KONSANTMAN JIVENIL/AKIZE POU FÈ DEPO AKIZASYON				
<p>Mwen, jèn/akize ki gen non li endike anwo a, bay konsantman mwen libelibè epi avèk volonte mwen pou yo fè depo akizasyon (yo) ki endike anwo a sou kondisyon ki anba la yo. Nan odyans sa a tribinal la te fè mwen konnen:</p>				
<p>1. Mwen gen yon dwa pou mande ak fè Tribinal la retire nenpòt nan akizasyon sa yo nan dosye a epi enpoze yon santans sou yo nenpòt lè (oswa si yo endike yon dat final anba la a, nenpòt lè jouk nan dat sa a).</p>				
<p>2. Pwokirè a ka mande pou Tribinal la pou yo retire nenpòt nan akizasyon sa yo nan dosye a epi enpoze yon santans sou yo nenpòt lè (oswa si yo endike yon dat final anba la a, nenpòt lè jouk nan dat sa a). Pwokirè a ka mande sa</p>				
<p>a. si yon jijman/kondanasyon oswa santans ranvèse oswa anile, oswa</p>				
<p>b. si pwokirè a detèmine mwen te fè yon nouvo zak kriminel apre avèk bon jan prèv yo te depoze akizasyon sa yo, oswa</p>				
<p>c. _____ (pa obligatwa) si pwokirè detèmine nenpòt nan evènman ki anba la (yo) te pase, avèk bon jan prèv:</p> <p>_____</p> <p>_____</p> <p>_____</p>				
<p>3. Mwen rekonèt si tribinal la retire nenpòt nan akizasyon sa yo nan dosye a, mwen ka angaje/anba santans pou akizasyon an epi tou sa ka lakòz mwen anba lòt pinisyon nan afè sa a.</p>				
<p>4. _____ Pa Obligatwa: Tribinal la ka retire akizasyon sa yo nan dosye a apre (dat la) _____.</p>				
<p>5. _____ Lòt lòd oswa lòt enfòmasyon: _____</p> <p>_____</p> <p>_____</p>				
SIYATI ENTÈPRÈT LA (SI GENYEN) Mwen tradui dokiman sa a pou jèn nan/akize a.		DAT LA	SIYATI JÈN NAN/AKIZE A X	
		KONSANTMAN LETA POU DEPOZE AKIZASYON YO		
SIYATI JIJ LA		SIYATI PWOKIRÈ A X		